


Enstriksyon Pòtal Paran PowerSchool pou Fanmi yo

PREMYE ETAP: Kle pou Aksè yo asiyen pa bilding:

- Jwenn Lèt Aksè Paran an ak **Idantifikasyon (ID) pou Aksè** ak **Modpas** pou chak elèv ou yo nan bilding pitit ou a ale a.

Men yon echantiyon yon Lèt Aksè Paran – Lekòl ou a bay sa pou ou:



DEZYÈM ETAP: Sèvi ak Kle Aksè Bilding lan Asiye pou Kreye Kont Ou sou Pòtal Paran an:

1) Kolekte Non itilizatè ak Modpas pou chak elèv ou yo.


- Si ou te gen aksè a PowerSchool nan North Kansas City Schools nan tan lontan, ou ka itilize menm Non Itilizatè a ak Modpas ou te itilize anvan an. **Tanpri sonje – Ou p ap kapab itilize Non Itilizatè sa yo sou ekran prensipal PowerSchool la pou konekte. Ou pral sèvi ak sa yo sèlman apre ou te kreye kont lan nan pòtal la.**
- Ou ka ajoute tou lòt elèv lè w jwenn yon Lèt Aksè Paran nan lekòl yo, lè w konekte sou pòtal la epi klike sou Account Preferences (Preferans Kont).
- Si ou pa gen enfòmasyon sa a, kontakte lekòl ou a epi mande yo enprime yon **Lèt Aksè Paran** pou elèv ou a nan PowerSchool. Yo ka bay ou enfòmasyon sa a pa:
 - Imèl – Lekòl la ka voye yon kopi PDF lèt la nan adrès imèl ou a ki anrejistre nan lekòl la.
 - Lapòs – Lekòl la ka voye yon kopi lèt la an papyè nan adrès ou a ki anrejistre nan lekòl la.
 - An pèsòn – Lekòl la ka ba ou yon kopi papyè an pèsòn. Ou dwe bay yon pyès idantite ki gen foto pou lekòl la kapab divilge enfòmasyon sa a.

2) Apati de Navigatè entènèt ou a, ale nan

<https://powerschool.nkcschools.org/public>

Sa ap mennen w nan ekran login PowerSchool lan.

3) Klike sou bouton **Create Account (Kreye Kont)** oswa si ou deja gen yon elèv aktyèl ki enskri nan Lekòl NKC chwazi Sign in (Konekte). (ale nan etap 6 si ou deja gen yon kont)



4) Kreye kont ou a.

- Antre **non w.**
- Antre **siyati w.**
- Antre adrès **imel ou.**
- Antre adrès **imel ou ankò.**
- Antre yon **non itilizatè** ou chwazi. Sa a pa ka non itilizatè an sou Lèt Aksè Paran an. **Pa bliye respekte lèt majiskil ak miniskil!**
- Antre yon **modpas** ou chwazi. Kantite karaktè yo dwe 8 oswa plis. **Pa bliye respekte lèt majiskil ak miniskil!**
- Antre **modpas la ankò**

PowerSchool SIS

Create Parent Account

Parent Account Details

First Name	Daisy
Last Name	Duck
Email	DDuck@yahoo.com
Re-enter Email	DDuck@yahoo.com
Desired Username	DDuck
Password Strongest
Re-enter Password


Password must: *Be at least 8 characters long

- 5) Pou chak elèv ou yo, antre enfòmasyon aksè yo. Gade enfòmasyon yo kolekte nan Etap 1. Ou ka konekte jiska 5 timoun.

Link Students to Account

Enter the Access ID, Access Password, and Relationship for each student you wish to add to your Parent Account


1

Student Name	<input type="text"/>
Access ID	<input type="text"/>
Access Password	<input type="password"/>
Relationship	-- Choose 

- Antre Non Elèv la
 - Antre Non Itilizatè Elèv ou a. Si ou te gen aksè a PowerSchool nan ane anvan yo, sèvi ak ID sa a isit la. Lekòl ou a ka enprime Lèt Aksè Paran w lan tou, ki gen enfòmasyon sa a. Tanpri sonje: **Respekte lèt majiskil ak miniskil!**
 - Antre modpas **Aksè PowerSchool elèv ou a**. Si ou te gen aksè a PowerSchool nan ane anvan yo, sèvi ak modps sa a isit la. Lekòl ou a ka enprime Lèt Aksè Paran w lan tou, ki gen enfòmasyon sa a. Tanpri sonje: **Respekte lèt majiskil ak miniskil!**
 - Antre nan relasyon elèv la avèk ou.
 - Peze Enter (Antre)
 - Ou ta dwe resevwa yon ekran konfimasyon. Sa a se kont pèmanan pou w konekte nan PowerSchool pou Pòtay Paran w lan.
 - Kounye a ou pare pou ou konekte nan Pòtay Paran an.
- 6) Asire w ke w toujou nan lyen sa a <https://powerschool.nkcschools.org/public> Antre non itilizatè a ak modpas ou te kreye nan Etap 4 la epi answit chwazi Sign in (Konekte).
- 7) Yon fwa ou konekte, ou pral wè onglè pou chak nan elèv ou yo nan tèt la (si ou te ajoute plis pase 1 elèv).

8) Si w bezwen ajoute yon lòt elèv nan Pòtay Paran ki egziste deja w la.

1) Navige nan Preferans Kont



2) Nan Preferans Kont klike sou onglè Elèv yo

Account Preferences - Profile



3) Chèche tit “Elèv mwen yo” ou pral wè lòt elèv yo ki sou kont ou. Klike sou bouton Ajoute sou bò dwat pou ajoute nouvo elèv ou a.

Account Preferences - Students



4) Ranpli tout enfòmasyon ki soti nan Lèt Aksè Paran ou ke yo te bay nan lekòl elèv ou a.

Add Student [X]

Student Access Information

Student Name	<input type="text"/>
Access ID	<input type="text"/>
Access Password	<input type="text"/>
Relationship	-- Choose ▾

Cancel OK

5) Yon fwa ou klike sou OK ou pral wè non elèv ou a sou tèt paj la ak lòt elèv ou yo.